

RETOUNEN OZETAZINI APRE DEPÒTASYON

KI SA KI DEPÒTASYON AK PREZANS ILEGAL?

Depòtasyon se lè yo retire yon moun ki pa sitwayen soti Ozetazini pou retounen nan peyi li. Sa rive apre moun lan arete epi detni – swa pa Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP) si yo tou pre fwontyè Ameriken an, swa pa Ajans Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) si yo andedan USA. Moun ki depòte yo souvan pa gen dwa retounen Ozetazini pou yon peryòd tan très long, men pafwa gen eksepsyon.

"Prezans ilegal" se sa USA rele peryòd tan ke yon moun rete Ozetazini san okenn stati imigrasyon valab.

Pa egzanp, apre depase tan viza a oubyen antre san enspeksyon. Kantite jou "prezans ilegal" la detèmine konbyen tan moun lan entèdi pou antre Ozetazini, swa 3 ou 10 zan. Yon entèdiksyon aktive yon fwa moun lan kite USA, kit se sou desizyon pa li oswa atravè depòtasyon.

Yon moun ki gen
180 jou oswa plis
de prezans ilegal

ap entèdi pou
antre **3 zan**

Yon moun ki gen
1 ane oswa plis
de prezans ilegal

ap entèdi pou
antre Ozetazini
pou **10 zan**

Jou sa yo pa konte nan prezans illegal yon moun:

- Jou lè yon aplikasyon an tann tankou azil oubyen chanjman de stati.
- Jou lè moun nan poko gen 18 an.
- Jou lè yon moun Ozetazini avèk pèmisyon tankou TPS ou DACA.

EKSEPSYON

USA ka "pase sou" oswa inyore yon entèdiksyon nan sèten ka. Yon migran ki te gen kèk prezans ilegal kite USA epi ki vle retounen anvan entèdiksyon 3 an oswa 10 an yo fini dwe aplike pou yon eksepsyon yo rele Aplikasyon I-601 pou Eksepsyon nan Motif Enadmisibilite. Si yo te depòte, tou depan de konbyen tan yo vle retoune Ozetazini, yo ka bezwen aplike tou pou yon eksepsyon I-212. I-212 la mande USA pou pèmisyon pou aplike pou antre ankò apre yo fin retire yo.

Kondisyon pou Aplikasyon I-601

- Ou dwe deyò Etazini.
- Ou pa ka admèt paske ou te prezante ilegalman Ozetazini.
- Ou gen yon "manm fanmi kalifye" - yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki gen kat vèt tankou konjwen oubyen paran.
- Manm fanmi kalifye a ap viv Ozetazini.
- Manm fanmi kalifye a tap fè fas a "gwo difikilte" si ou pa pèmèt retounen jwenn yo Ozetazini.

Kilè yon Eksepsyon I-212 Nesèsè

- Anvan 5 ane pase, si yo bay lòd pou retire ou imedyatman oswa atravè yon retire rapid.*
- Anvan 10 ane pase, si yo bay lòd pou retire ou apre ou rive.*
- Anvan 20 ane pase si yo te retire ou plis pase yon fwa.*
- A nenpòt ki moman, si w te janm kondane pou sèten krim.
- *Si yon moun vle retounen Ozetazini apre depòtasyon APRE 5, 10, ou 20 ane te pase, li pa bezwen I-212.

VIN JWENN EKIP LEGAL BAJI NAN WEBINAR SOU AZIL CHAK DE SEMÈN. ESKANE KÒD QR LA
OUBYEN VIN JWENN NOU SOU [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/BAJIASYLUMCLINICS).
EMAIL JUHARAH@BAJI.ORG POU DAT AK LÈ YO.

